



ImageFIRST[®]

2024-2025
Gid Avantaj yo

Byenveni nan Avantaj ImageFIRST ou yo

Kounye a se moman
pou konsantre sou ou.

Sante fizik, emosyonèl ak finansye ou enpòtan, sitou nan moman difisil yo. ImageFIRST gen sousi pou ou ak byennèt jeneral ou, se poutèt sa nou ofri yon pwogram avantaj konplè ki ka ede ba ou estabilite ak sekirite pou prepare w pou sa w pa ta panse.

Pwogram avantaj nou an ofri avantaj sante ak byennèt, ansanm ak sekirite finansye pou asosye nou yo ak fanmi yo. Gid sa a bay yon apèsi jeneral chwa avantaj ou ak enfòmasyon sou enskripsyon pou ede ou chwazi pwoteksyon asirans ki bon pou ou ak fanmi ou.

Men kote pou jwenn...

- 3 Avantaj Nou Ofri yo
- 4 Enfòmasyon sou Enskripsyon
- 5 Plan Medikal ak Preskripsyon
- 7 Pwogram Famasi
- 8 CVS Health Virtual Primary Care
- 9 CVS Minute Clinics
- 9 Pwogram Jesyon Pwa CVS
- 10 Avantaj Sante Siplemanchè
- 11 Pwogram Rabè pou Manm yo
- 12 Jere Sante ou
- 13 Swen Dan
- 14 Swen Vizyon
- 15 Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Accounts, FSA)
- 17 Gwoup Tèm Asirans Vi ak Aksidan ak Lanmò ak Demembreman (Group Term Life and Accidental Death and Dismemberment, AD&D)
- 18 Andikap
- 20 Pwogram Asistans Asosye (Associate Assistance Program, AAP)
- 21 Plan retrèt 401(k)
- 23 Avantaj Volontè
- 25 Kondisyon Debaz Asirans lan
- 26 Kontak



Avantaj Nou Ofri yo

ImageFIRST bay yon seri asirans konplè ki pwoteje w finansyèman epi ki ede w bati yon avni an sekirite.

Sante ak Byennèt

- Plan Medikal ak Preskripsyon
- CVS Health Virtual Primary Care
- Jesyon Musculo-skeletal (MSK) ak Dyabèt
- Asirans Dantè
- Asirans Vizyon
- Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Accounts, FSA)
- Pwogram Rabè pou Manm yo
- Pwogram Asistans Asosye

- Asirans pou Maladi Grav
- Asirans pou Aksidan
- Asirans Endamnite Lopital
- Asirans pou Andikap
- Asirans Vi
- Asirans Legal
- Plan Ekonomi Retrèt 401(k)

Sekirite Revni



Enfòmasyon sou Enskripsyon

Anvan w decide si w bezwen enskri nan avantaj sante ak gwoup ImageFIRST, sonje ke gen anpil bon rezon pou w byen gade tout avantaj ak opsyon ImageFIRST ofri w yo, menmsi w deja kouvri anba plan avantaj ImageFIRST yo.

Pa egzanp, ou ka gen chanjman de ane a ane. Epi gen anpil chans pou gen chanjman nan sa ou peye pou pwoteksyon asirans chak ane. Kidonk, li se yon bon lide pou asire w ke avantaj ou yo toujou bon pou ou — e ke ou p ap peye pou plis pwoteksyon asirans pase ou bezwen.

Kilè Mwen Ka Enskri?

Chak ane, asosye ki kalifye pou avantaj pral gen opòtinite pou enskri oswa pou fè chanjman nan plan avantaj ou yo pandan peryòd enskripsyon lib nou an.

Si w ap enskri kòm yon nouvo asosye, ou vin elijib pou avantaj 1ye nan mwa apre 30 jou epi ou dwe enskri nan 30 jou pou gen kouvèti asirans pou rès ane plan an.

Kiyès Mwen Ka Enskri?

Ou ka enskri mari oswa madanm legal ou, patnè nan kay, ak timoun ki elijib nan plan ki ofri pwoteksyon depandan. Depandan ki elijib yo defini kòm mari oswa madanm legal ou, patnè nan kay, ak timoun ki kalifye ki abite nan kay ou epi ki depann prensipalman sou ou pou sipò. Sa gen ladann: pwòp pitit ou yo, timoun legalman adopte, bèlfi, yon timoun yo te nonmen ou gadyen legal li, ak/oswa yon timoun pou ki tribinal la te bay yon Lòd Sipò pou Timoun Medikal Kalifye (Qualified Medical Child Support Order, QMCSO) ki mande oumenm oswa mari oswa madanm ou pou bay pwoteksyon.

Konseye sou Avantaj ki gen eksperyans yo disponib atravè sant apèl telefonik iBTR pou ede eksplike tout opsyon sou avantaj ou yo, reponn kesyon ou yo epi konplete enskripsyon ou, sou non ou.



Tanpri vizite imagefirst.newhireenrollment.net pou pran yon randevou nan telefòn oswa enskri sou platfòm endepandan sèvis la nan workforcenow.adp.com.

Konjwen/Patnè Nan Kay

Ou dwe verifye si mari oswa madanm ou/patnè nan kay ou a ap travay epi si elijib pou pwoteksyon atravè patwon yo pandan premye enskripsyon ou ak chak peryòd Enskripsyon Anyèl. Si yo ofri mari oswa madanm ou/konjwen lakay ou asirans atravè anplwayè yo epi ou chwazi pou w enskri yo nan yon plan medikal ImageFIRST, yon frè adisyonèl \$100 pa mwa pral otomatikman aplike nan prim plan medikal ou an.

Sa a pa aplike si mari oswa madanm ou/patnè lakay ou pa travay. Dispozisyon sa a aplike sèlman pou asirans medikal ak medikaman sou preskripsyon kèlkeswa plan ou chwazi. Sipleman konjwen/patnè nan kay la pa aplike pou lòt avantaj ou yo.

Medikal

Aetna | aetna.com | 800.962.6842

ImageFIRST angaje pou ede ou ak depandan ou yo kenbe bon sante ak byennèt. Pou fè sa, nou fasilite ou resevwa swen sante nivo siperyè yo. Nou ofri ou yon chwa ki gen de (2) plan medikal pou 2024.

- Plan Open Access Aetna Select
- Open Access Aetna Select HDHP

Avantaj Deteksyon Sante

Pwodwi Aetna Voluntary gen yon avantaj ranbousman tès depistaj sante. Si w gen nenpòt nan kouvèti Sipleman Aetna a, ou ka kolekte \$100 pou chak pwodwi Aetna Sipleman (Aksidan, Maladi Grav ak Endamnite Lopital) kote w enskri (jiska \$300) pou w konplete yon egzamen medikal chak ane.

Vizite MyAetnaWebsite.com pou w enskri pou sit entènèt manm ou a.

Jwenn aplikasyon Aetna HealthSM lè w voye yon mesaj tèks "AETNA" nan 90156 pou w resevwa yon lyen pou telechaje.

Pousantaj mesaj ak done yo ka aplike.** — **OSWA** — Eskane kòd QR la pou telechaje aplikasyon Aetna HealthSM



Kijan Plan Medikal Ou a Fonksyone

Ou peye:
FRANCHIZ LA

Ou + Peye Plan an:
KO-ASIRANS LA -
Depans ou pataje ak plan an

Ou rive nan maksimòm pou peye ak lajan pòch

Plan an Peye:
DEPANS KI PI WO PASE DEPANS MAKSIMÒM AVÈK LAJAN PÒCH

Medikaman sou Preskripsyon

CVS Caremark | caremark.com

Lè w enskri nan youn nan plan medikal Aetna yo, w ap enskri otomatikman nan pwogram Medikaman sou Preskripsyon atravè CVS Health. CVS bay youn nan pi gwo rezo famasi k ap patisipe yo, ansanm ak yon opsyon kòmand pa lapòs konvenyan ki ka ekonomize ou lajan. Manm yo kapab jwenn tou preskripsyon atravè pwogram CVS lapòs.

Vizite caremark.com oswa eskane kòd QR la pou w enskri sou sit entènèt manm ou a.*

*Tanpri sonje, nimewo telefòn ak lyen sèvis kliyan Caremark la p ap aktif jiska 10/1/24.



Medikaman prevantif ak kontraseptif ki elijib anba Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act (ACA)) yo kouvri 100% san franchiz.

Aprè de renouvèlman medikaman, w ap enskri otomatikman nan yon rezèv 90 jou nan medikaman antretyen ou yo nan yon pousantaj rabè, ki pral livre lakay ou. Ou gen opsyon pou w pa patisipe nan metòd livrezon sa a lè w kontakte Aetna nan 1.888.792.3862.

Rezime plan medikal

Medikal	OPEN ACCESS AETNA SELECT	OPEN ACCESS AETNA SELECT HDHP
	Nan rezo a	Nan rezo a
Franchiz		
Anplwaye Sèlman	\$250	\$2,000
Fanmi	\$500	\$4,000
Koasirans	100%	100%
Maksimòm Pou Peye ak Lajan Pòch (gen franchiz ladan)		
Anplwaye Sèlman	\$5,500	\$7,000
Fanmi	\$11,000	\$14,000
Swen prevantif	100% Kopeman \$0	100% Pa Gen Franchiz
Vizit nan klinik (PCP/Espesyalis)	\$35/\$45 kopeman	100% aprè Franchiz
Saldijans	Kopeman \$200	100% aprè Franchiz
Swen ljan	Kopeman \$40	100% aprè Franchiz
Swen pasyan ki entène	\$1,500 Kopeman Apre Franchiz	100% aprè Franchiz
Chiriji Pasyan ki pa etène	\$500 Kopeman Apre Franchiz	100% aprè Franchiz

Rezime plan famasi

Medikaman sou preskripsyon	OPEN ACCESS AETNA SELECT	OPEN ACCESS AETNA SELECT HDHP
Andetay (kantite medikaman pou 30 jou)		
Nivo 1 — medikaman jenerik	Kopeman \$20	Kopeman \$20
Nivo 2 — rekòmande	Kopeman \$40	Kopeman \$40
Nivo 3 — ki pa prefere	Kopeman \$70	Kopeman \$70
Kòmman pa lapòs (kantite medikaman pou 90 jou)		
Nivo 1 — medikaman jenerik	Kopeman \$40	Kopeman \$40
Nivo 2 — rekòmande	Kopeman \$80	Kopeman \$80
Nivo 3 — ki pa prefere	Kopeman \$140	Kopeman \$140

Kontribisyon nan Pewòl Anplwaye chak Semèn

Anvigè 1ye oktòb 2024

	OPEN ACCESS AETNA SELECT	OPEN ACCESS AETNA SELECT HDHP
Anplwaye	\$40.94	\$19.59
Anplwaye + madanm/mari	\$122.93	\$97.19
Anplwaye + timoun (yo)	\$97.69	\$72.00
Fanmi	\$159.05	\$121.56

Anplwaye yo ka chwazi plan medikal ak medikaman sou preskripsyon san yo pa enskri nan plan dantè oswa vizyon an.

Pwogram Famasi

PrudentRx | prudentrx.com | 800.578.4403

ImageFIRST ap fè patenarya ak PrudentRx pou redwi depans medikaman espesyal ou yo atravè estrateji plan inovatè kopeman yo. PrudentRx entegre ak CVS Specialty Pharmacy epi li pèmèt manm yo peye \$0 nan pòch yo pou medikaman espesyalite ki kalifye ki sou lis medikaman plan an bay CVS Specialty.

Menmsi pa gen yon pwogram kat kopeman pou medikaman espesyalize w elijib yo, PrudentRx ap travay ak manifakti yo pou asire l depans lajan pòch ou yo pral \$0 pou toutotan w enskri nan pwogram nan. Patisipasyon nan pwogram nan egzije sèten done yo dwe pataje ak administratè pwogram asistans kopeman sa yo, men tanpri asire w ke sa fèt an konfòmite ak Lwa 1996 sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA).

Si w ap pran youn oswa plis medikaman kounye a ki nan lis medikaman espesyalite plan w lan, w ap resevwa yon lèt akeyi ak yon apèl nan telefòn nan men PrudentRx ki bay enfòmasyon sou pwogram nan epi reponn nenpòt kesyon ou ka genyen. Tout manm ki kalifye yo pral otomatikman enskri nan Pwogram Kopeman PrudentRx, men ou ka chwazi pou w pa patisipe nan pwogram nan lè w rele 800.578.4403. Si w chwazi pou w pa patisipe nan Pwogram Kopeman PrudentRx a, ou p ap kalifye pou \$0 kopeman an epi w ap responsab pou kopeman 30%.

Kijan PrudentRx travay?

1

PrudentRx travay ak manifakti medikaman yo pou idantifye pwogram asistans kopeman pou medikaman espesyal.

2

Si w ap pran youn oswa plis medikaman kounye a ki nan lis medikaman espesyalite kalifye nan plan w lan, w ap resevwa yon lèt byenveni ak yon koutfil nan men PrudentRx. Tout manm ki kalifye yo pral otomatikman enskri nan Pwogram PrudentRx Copay.

3

Ou pral peye \$0 nan pòch pou nenpòt medikaman espesyalize ki kalifye.





CVS Health Virtual Primary Care

CVS Caremark | cvs.com/virtual-care

ImageFIRST pran angajman pou pote pwogram bay asosye nou yo ak fanmi yo ki pral ede kontwole depans nou yo epi bay pi bon aksè nan bon jan kalite swen. Tout manm ki enskri nan plan medikal Aetna nou yo gen aksè nan pwogram CVS Virtual Care. Soti nan vizit byennèt rive nan swen rapid, nou gen tout sa ki nesèsè. Li fasil pou pran yon randevou swen vityèl nenpòt kote. Ou ka itilize CVS Health Virtual Primary Care™ anplis de rezo founisè tradisyonèl ou yo. Aksè enkli nan plan medikal ou a, ki disponib atravè Aetna®, yon konpayi CVS Health® paske healthier happens together™ (gen pibon sante fèt ansanm youn ak lòt).

Sèvi ak CVS Health Virtual Primary Care pou bagay sa yo:

Swen sou-demann

Disponib pou granmoun ak timoun ki gen plis pase 18 mwa

- Tous, rim sévo, grip ak anjin
- Doulè nan jwenti, nan tèt, ak nan vant
- Maladi nan po ki pa grav tankou enfeksyon po, gratèl, mòde ensèk ak koupe
- Enfeksyon (zòrèy, sinis, enfeksyon irinè (UTI))
- Renouvle medikaman

Sèvis sante mantal

Disponib pou adilt ki gen laj 18 an oswa plis

- Maldati anksyete ak movèz imè
- Depistaj depresyon
- Jesyon medikaman
- Sipò ak estrès, ajisteman lavi ak rezolisyon konfli
- Pwoblèm pou dòmi ki gen rapò ak sante

Sèvis swen prensipal

Disponib pou adilt ki gen laj 18 an oswa plis

- Maladi kwonik (opresyon, dyabèt)
- Swen pou maladi
- Evalyasyon byennèt ak evalyasyon sante chak ane
- Swivi nan vizit yo anpèsòn
- Ajisteman ak renouvle medikaman

Mwens pase yon vizit Swen ljan oswa CVS Health Virtual Primary Care pa janm koute plis pase yon vizit doktè premye swen.

Vizite cvs.com/virtual-care oswa eskane kòd QR la pou w anrejistre epi pran yon randevou.



CVS Minute Clinics

SWEN LÈ OU BEZWEN LI, GRATIS POU OU



Malè pa gen klaksòn. Pitit ou a devlope sentòm grip apre biwo pwofesyonèl swen sante prensipal ou a fèmèn pou jounen an. Ou pile yon zepeng nan wikenn nan. Nou konprann sa, malè rive, epi lè sa fèt, ou vle gen aksè a swen nan yon pri ou kapab peye. Ou gen aksè a tout sèvis MinuteClinic ki garanti yo gratis pou ou.*

- MinuteClinic se yon klinik san randevou ki andedan CVS Pharmacy ak magazen Target nou chwazi epi li se pi gwo founisè swen sante an detay nan Etazini, pou fè li fasil pou resevwa swen sante nan katye ou.
- MinuteClinic ofri yon pakèt sèvis pou kenbe oumenm ak fanmi ou an sante. Pwofesyonèl swen sante MinuteClinic yo trete epi dekouvri yon varyete maladi, chòk ak pwoblèm medikal. Yo kapab ekri preskripsyon tou lè sa apwopriye sou plan medikal.
- Klinik lan louvri 7 jou pa semèn, epitou yo louvri nan aswè ak nan jou wikenn tou. Ou kapab ale nan klinik lan san randevou oswa ou kapab pran randevou sou entènèt davans. Epitou pou menm plis avantaj, ou kapab pran medikaman sou preskripsyon ou anplas.
- Li senp, jis ale nan MinuteClinic lokal ou a epi resevwa swen. Manm fanmi ou ki asire yo ka pwofite avantaj sa a tou.

**Lè w se yon manm Aetna, ou ka aprann plis sou avantaj sa a ki fèt pou ede w jwenn swen ou bezwen an, lè w bezwen li — gratis pou ou. Pou ou ka gen pi bon sante, nou ankouraje w gen yon relasyon ak yon doktè swen prensipal oswa yon lòt doktè. Di yo sou vizit ou a nan MinuteClinic, oswa MinuteClinic ka voye yon rezime vizit ou a dirèkteman ba yo.*

Pwogram Jesyon Pwa CVS

Pèdi pwa se yon vwayaj. Pwogram jesyon pwa CVS la pou ede w nan chak etap nan chemen an. Pwogram nan ap bay sipò endidyalize ou bezwen pou rezilta dirab. Pwogram nan ap ede ou atenn objektif ou atravè:

- Sipò youn a youn nan men yon ekip klinisyen, ki gen ladan founisè ak dyetetisyen ki anrejistre
- Yon plan nitrisyon pèsonalize jis pou ou, ki adapte pou satisfè bezwen endividiyèl ou yo
- Konekte echèl kò ak pwa ak lòt aparèy, jan sa aplikab, pou sipòte ak swiv pwogrè ou
- Aplikasyon Health Optimizer ak gid itil, resèt, fikse objektif, ak plis ankò



Avantaj Sante Siplemantè

Aetna | myaetnasupplemental.com | 800.607.3366

Asirans avantaj volontè atravè Aetna ka ede pwoteje w kont gwo depans oswa sa ou pa t atann ki soti nan pòch ou. Konsidere bezwen medikal ou prevwa ansanm ak pri plan asirans ki disponib pou ou yo. Sonje, plan sa yo gen entansyon pou konplete, pa pou ranplase, yon plan medikal.

Asirans pou maladi grav


ImageFIRST fè patenarya ak Aetna pou l ofri asirans maladi grav, ki konplete gwo kouvèti asirans medikal lè li ede anplwaye yo peye depans dirèk ak endirèk ki asosye ak yon maladi oswa yon evènman grav. Kèk nan kondisyon ki kouvri anba pwogram sa a gen ladan kansè, kriz kadyak, konjesyon serebral, alzaymè, ensifizans renal ak paralizi. Yo peye avantaj yo san taks an gwo nan yon sèl peman ki varye ant \$10,000 ak \$40,000 pa tranch de \$10,000 pou w itilize nan diskresyon ou. Kouvèti asirans pou timoun yo enkli nan chwa anplwaye ou, epi ou gen opsyon tou pou chwazi pwoteksyon asirans pou konjwen.

Asirans pou aksidan

Asirans pou aksidan an atravè Aetna fèt pou konplete gwo kouvèti asirans medikal lè yo peye montan avantaj espesifik pou depans ki soti nan blesi oswa aksidan. Ospitalizasyon, terapi fizik, swen entansif, transpò ak lojman se kèk nan depans ki soti nan pòch ke asirans aksidan sa a ta ka kouvri. Kouvèti asirans disponib pou ou menm, konjwen w ak/oswa pitit ou a (yo).

Asirans endamnite lopital

Asirans endamnite lopital atravè Aetna fèt pou ede bay pwoteksyon finansye pou moun ki kouvri yo lè yo peye yon avantaj pou entènè lopital. Ou ka itilize avantaj la pou fè fas ak depans ki soti nan pòch yo ak bòdwo siplemantè ki ka rive. Yo peye ou avantaj endamnite an gwo yon sèl kou dapre kantite kouvèti asirans ki endike a, kèlkeswa pri aktyèl tretman an.



Pwogram Rabè pou Manm yo

Antanke moun ki enskri nan plan medikal Aetna, ou menm ak moun ki depanndan ou yo ka resevwa rabè sou sèvis sa yo:

- Manm nan Jim
- Antrenè Sante Lakay, Fòmasyon Pèsonèl, ak Ekipman Egzèsis
- Pwotèz Oditif, Reparasyon, ak Egzamen
- Pwogram Jesyon Pwa
- Sèvis ak Pwodwi Terapi Natirèl
- Vizyon ak Plis Ankò!

Pou jwenn aksè a rabè ou yo, tou senpleman eskane kòd QR la ak smatfòn ou oswa ale nan www.aetna.com. Ou ka rele Sèvis pou Manm yo tou nan 800.962.6842.



PWOGRAM RABÈ AETNA VISION (REZO SELÈK EYEMED):

Pwodwi oswa Sèvis	Frè Redwi/Pri Manm	Pwodwi oswa Sèvis	Frè Redwi/Pri Manm
Monti linèt		Lantiy Kontak	
Ankadreman Linèt	35% rabè sou pri an detay	Lantiy konvansyonèl yo	15% rabè sou pri an detay
Lantiy Pou Chak Pè (Plastik san Kouvwi)		Lòt Atik ki gen Rapò ak Vizyon	
Vizyon Inik Estanda Lantiy	\$40	Tout lòt LASIK pwosedi	15% rabè sou pri an detay - Sèvis Rezo Lazè Etazini
Lantiy Estanda Bifokal	\$60	PèdiYon Lantiy?	Pwofesyonèl Swen Sante ki Patisipe nan Aetna:
Lantiy Estanda Trifokal	\$80	1-800-391-LENS (1-800-391-5367)	Pearle Vision, JCPenney Optical, LensCrafters, Target Optical
Estanda Pwogresis (pa gen okenn liy bifokal)	\$120		
Opsyon Lantiy Pou Chak Pè (Ajoute Nan Pri Lantiy pi Wo a)			
Polikabonat Estanda (gen ladan UV ak kouch ki reziste grafouyen)	\$40		
Kouch ki reziste grafouyen	\$15		
Kouch Itravyolèt (UV)	\$15		
Tent solid oswa gradyan	\$15		
Glass	20% rabè sou pri an detay		
Fotokwomik pou vè	20% rabè sou pri an detay		
Estanda kouch anti-reflektif	\$45		
Linèt	\$42		
Mezi lantiy kontak estanda ak swivi	\$40 (plis frè egzamen \$42)		
Mezi lantiy kontak espesyal anfòm ak swivi (sa vle di Torik, Bifokal, Gaz Pèmeyab)	\$10 rabè sou pri an detay (plis frè egzamen \$42)		



Jere Sante ou

Terapi Fizik Dijital

Hinge Health | 855.902.2777 | help@hingehealth.com

ImageFIRST ap fè patenarya ak Hinge Health pou ede w retounen nan aktivite ou renmen yo. Hinge Health ofri pwogram dijital inovatè nan sesyon terapi egzèsis ki fasil pou fè pandan 15 minit. Tout bagay disponib gratis pou oumenm ak manm fanmi w ki gen laj 18 an ki enskri nan yon Plan Medikal Aetna.

Hinge Health se yon pwogram pou doule nan do ak jwenti ki disponib pou tout anplwaye ki enskri nan yon plan medikal Aetna atravè ImageFIRST.

Hinge Health bay tout zouti ou bezwen pou w ka bouje ankò nan konfò lakay ou. Plan koutim ou a ka gen ladan:

- Yon terapèst fizik ak/oswa antrenèn sante pou konsepsyon yon plan swen jis pou ou.
- Aksè nan sesyon terapi fizik vityèl jan sa nesesè.
- Terapi egzèsis ki gide ak aplikasyon ou ka fè lakay ou ak pwòp vitès ou.

Pwogram Jesyon Dyabèt

CVS Health

Transform Diabetes CARE se yon pwogram 12 mwa k ap ede w kontwole dyabèt w la. Li ka ede w jwenn pi bon fason pou jere dyabèt ou epi ede w viv byen, rete motive epi atenn kalite sante ki meye. San yo pa chaje w okenn frè siplemantè.

Pwogram sa a ba ou enstriksyon pèsonalize ki baze sou bezwen espesifik ou yo. Ou ka jwenn rapèl sou:

- renouvle medikaman
- randevou doktè
- tès depistaj prevantif

Pou kesyon sou pwogram Transform Diabetes Care, tanpri rele 1.800.348.5238.

Anplis de sa, ou ka jwenn plan nitrisyon ki baze sou sa ou renmen ak bezwen. Avèk aplikasyon Health Optimizer, ou ka kontwole glikoz ou ak tansyon ou; swiv ak pataje lekti; aprann plis sou dyabèt ak kenbe yon vi ki an sante; fè manje ki aliye ak restriksyon dyetetik ou yo; ak plis ankò.

Pou w rete sou wout la, ou ka jwenn sipò pèsonalize nan men enfimyè Ki Sètifye nan Swen Dyabèt ak Espesyalis Edikasyon. Epi se anplis sipò nan pwogram jesyon swen ou an.

Si w pran medikaman pou dyabèt oswa si w deja enskri nan yon pwogram dyabèt, w ap enskri otomatikman nan pwogram nan epi w ap resevwa yon pake byenveni ki gen plis detay, tankou yon liy dirèk gratis pou kesyon w yo.

Swen Dan

United Concordia Dental | unitedconcordia.com | 800.332.0366

Avantaj dantè w yo ap mache sou yon baz plan anyèl soti 1ye oktòb pou rive 30 septanm. Si oumenm oswa depandan w yo chwazi pa enskri nan avantaj dantè 1ye oktòb, ou dwe tann jiska pwochen peryòd Enskripsyon Lib la oswa gen yon evènman ki pase nan lavi w pou w enskri nan plan dantè a. Pou jwenn yon dantis unitedconcordia.com. Chwazi rezo Elite Plus PPO a.

Chwazi rezo Elite Plus PPO a.

CONCORDIA DENTAL PPO		
	Nan rezo a	Deyò rezo a
Maksimòm pou Ane Plan an	\$1,500	\$1,500
Franchiz Anyèl (yon Moun/Fanmi)	\$50/\$150	\$50/\$150
Sèvis Prevantif - Egzamen, Netwayaj, Radyografi	100%, pa gen okenn franchiz	100%, pa gen okenn franchiz
Sèvis Debaz - Plonbaj, Ekstraksyon, Operasyon Oral	100% aprè franchiz	80% aprè franchiz 100% apre franchiz (NC/TX)
Gwo Sèvis Reparasyon - Kouvòn, Pon, Fo Dan	60% aprè franchiz	50% aprè franchiz 60% apre franchiz (NC/TX)
Òtodonti pou Tout Lavi	50% jiska \$1,500 max, pa gen franchiz	50% jiska \$1,500 max, pa gen franchiz

Kontribisyon Pewòl Anplwaye chak Semèn Dantè

Anvigè 1ye oktòb 2024

Anplwaye	\$7.72
Anplwaye + madanm/mari	\$14.69
Anplwaye + timoun	\$14.69
Anplwaye + Timoun	\$25.00
Fanmi	\$25.00

Depandan yo kouvri jiska fen mwa a apre 26yèm anivèsè nesans yo.

*Tanpri al gade nan sètifika kouvèti asirans United Concordia ou a ak rezime avantaj ou a pou jwenn yon lis konplè avantaj ki kouvri yo.

**Rezidan North Carolina ak Texas sèlman: Avantaj ki anwo yo se akòz règleman UCCI depoze pou pwodui dantè sa a nan eta sa yo. Tanpri gade sètifika kouvèti asirans ou ak rezime avantaj ou a pou plis detay. Avantaj andeyò rezo a kouvri jiska chaj maksimòm admisib (Maximum Allowable Charge, MAC) United Concordia, ki baze sou frè yo te fè kontra pou dantis k ap patisipe nan zòn nan. Founisè a kapab voye yon bòdwo bay manm yo pou sèvis ki depase limit MAC la.

Ou ka chwazi plan dantè United Concordia Dental kèlkeswa si w enskri nan plan medikal oswa plan vizyon an.

Ou p ap resevwa yon kat idantite dantè paske anjeneral ou pa bezwen prezante youn lè w ap vizite dantis ou. Pou enprime yon kat idantite, konekte nan unitedconcordia.com.

Swen Vizyon

Aetna | aetnavision.com | 877.973.3238

ImageFIRST ofri yon plan vizyon adisyonèl atravè Aetna ak kouvèti asirans vizyon amelyore. Avantaj yo enkli egzamen zye ak opsyon abòdab pou linèt preskripsyon oswa kontak. Vizite aetnavision.com.

AETNA VISION PREFERRED		
Egzamen zye (chak 12 mwa)	Nan rezo a	Deyò rezo a
Egzamen ak Dilatasyon Jan sa Nesèsè	Kopeman \$25	Ranbousman \$20
Mezi Lantiy Kontak Estanda/Swivi ¹	Manm peye frè rabè jiska \$40	Pa Kouvri
Mezi Lantiy Kontak Premyòm/Swivi	Manm peye 90% nan pri detay	Pa Kouvri
Lantiy (chak 12 mwa)		
Vizyon Senp	Kopeman \$25	Ranbousman \$15
Bifokal	Kopeman \$25	Ranbousman \$30
Trifokal	Kopeman \$25	Ranbousman \$60
Lantikilè	Kopeman \$25	Ranbousman \$60
Pwogresif (kopeman gen ladan pri bifokal)	Kopeman \$90	Ranbousman \$30
Premium Pwogresif ²	20% remise sou pri an detay mwens \$120 alokasyon plan an plis \$90 kopeman = lajan ki soti nan pòch manm	Ranbousman \$30
Monti (yon fwa chak 24 mwa)		
	Alokasyon \$100** Adisyonèl 20% rabè sou balans ki depase alokasyon an	Ranbousman \$50
Lantiy kontak (chak 12 mwa)		
Konvansyonèl	Alokasyon \$115** Adisyonèl 15% rabè sou balans ki depase alokasyon an	Ranbousman \$75
Dispozab	Alokasyon \$115	Ranbousman \$75
Medikalman Nesèsè	Kopeman \$0	Ranbousman \$210

Kontribisyon Pewòl Anplwaye chak Semèn Dantè

Anvigè 1ye oktòb 2024

Anplwaye	\$0.88
Anplwaye + madanm/mari	\$1.68
Anplwaye + timoun (yo)	\$1.77
Fanmi	\$2.60

Ou ka chwazi plan vizyon Aetna kèlkeswa si ou enskri nan plan medikal oswa dantè.

Ou p ap resevwa yon kat ID pou swen zye. Men, ou kapab enprime yon kat ID sou sitwèb aetnavision.com.

* Kouvèti asirans deyò rezo a disponib. Pou resevwa ranbousman jiska kantite lajan ki endike anwo a, yon fòm reklamasyon ak resi detaye obligatwa. Ranbousman p ap depase frè aktyèl pwofesyonèl swen sante a. Ou ka jwenn fòm reklamasyon yo nan aetnavision.com oswa lè w rele sèvis kliyan lendi jiska dimanch nan 877-973-3238. Ou ka soumèt fòm reklamasyon yo ranpli elektwonikman oswa voye pa lapòs bay Aetna, PO Box 8504 Mason, OH 45040-7111. Manm ki enskri yo ka jwenn aksè nan sitwèb manm sekirize nou an yon fwa plan yo vin efikas. Abone ki enskri yo pral resevwa yon pake akèy ak kat idantite y ap voye lakay yo nan lespas 15 jou ouvrab apre yo fin trete enskripsyon an.

**Alokasyon yo se avantaj ou itilize yon sèl fwa. Ou pa ka itilize okenn balans ki rete. Plan an pa bay yon avantaj balans deklive.

1 Yo pèmèt mezi lantiy kontak ak de vizit swivi yon fwa yo fin fè yon egzamen je konplè.

2 Mak ki deziyen prim pwogresif ak prim anti-reflektif yo sijè a revizyon anyèl ak chanjman ki baze sou kondisyon mache. Mande pwofesyonèl swen zye w pou plis enfòmasyon.

Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Accounts, FSA)

PayFlex | payflex.com | 888.678.8242

Yon bon fason pou planifye alavans epi ekonomize lajan pandan yon ane se patisipe nan yon FSA. Yon FSA pèmèt ou redirije yon pati nan salè ou sou yon baz anvan taks nan yon kont ranbousman, sa ki ekonomize ou lajan sou taks. Chak ane ou ta renmen patisipe nan FSA yo, ou dwe chwazi kantite lajan ou vle kontribye.

	Limit Kontribisyon Anyèl
Kont Depans Fleksib pou Swen Sante	\$3,200 pou chak kay*
Kont depans fleksib pou swen pou depandan	\$5,000 ranpli ansanm \$2,500 ranpli endividyèlman*

*Limit IRS kapab chanje.

ImageFIRST ofri de kalite FSA ki ka ede w ekonomize sou yon baz anvan taks pou depans ki soti nan pòch yo.



Kont depans fleksib pou swen sante

FSA swen sante a ka itilize pou peye pou depans medikal, dantè, vizyon ak medikaman sou preskripsyon ki elijib.

Lajan nan FSA swen sante yo disponib nan kòmansman ane plan an epi yo ka itilize pou depans ou yo ak depans konjwen w ak depandan w yo, menmsi oumenm ak fanmi w pa kouvri pa plan swen sante nou an.

Avantaj peryòd gras

Kontribisyon maksimòm nan 2024 pou kont depans fleksib swen sante a se \$3,200 pou chak kay. Sa a se yon kont itilize-li-oswa-pèdi-li, sa vle di nenpòt lajan ki rete nan kont lan apre fèmte ane plan an pral pèdi.

Plan nou an gen yon peryòd gras 2 mwa 1/2 pou pèmèt ou plis tan pou fè reklamasyon epi itilize lajan FSA ou pou peye pou depans sa yo. Tout sèvis yo dwe fèt soti 1 ye oktòb 2024 pou rive 15 desanm 2025. Reklamasyon yo dwe soumèt disi 29 desanm.

Lajan Anplis nan Kont Ou?

Achte nan Magazen FSA pou jwenn kalifikasyon garanti sou plis pase 2,500 pwodwi

fsastore.com





Kont depans fleksib pou swen pou depandan

FSA pou swen pou depandan yo pèmèt ou mete sou kote lajan anvan taks pou peye depans avèk lajan pòch ou ki elijib pou gadri pou oumenm oswa mari oswa madanm ou ka travay oswa ale lekòl apentan. Ou dwe kontribye lajan atravè dediksyon pewòl nan FSA swen depandan ou anvan ou ka depanse li.

Pandan enskripsyon ouvè, ou dwe deside konbyen lajan pou mete sou kote pou kont sa a an 2024. Ou ka kontribye jiska \$5,000 pou chak ane pou chak kay, oswa jiska \$2,500 si w marye epi w fè yon deklarasyon taks separe.

Depans ki kalifye yo

- Gadri pou granmoun
- Gadri pou timoun
- Swen apre lekòl
- Gadri (ki gen rapò ak travay, lakay ou oswa lakay yon lòt moun)
- Fanmi w ki pa yon depandan taks fè gadri (ki gen rapò ak travay)
- Nounou oswa au pair
- Swen granmoun aje founi pa yon fanmi
- Transpò ale-retou pou chache swen elijib (pwofesyonèl swen sante w la bay)

Depans ki pa elijib

- Gadri (ki pa gen rapò ak travay, pou lòt rezon)
- Depandan taks ou ki fè gadri (ki gen rapò ak travay oswa pou lòt rezon)
- Swen granmoun aje gadyen pa yon fanmi (pa gen rapò ak travay, pou lòt rezon)
- Leson dans, leson pyano oswa leson espò
- Sèvis edikasyon, aprantisaj oswa etid pou timoun (yo)
- Sèvis nan kay la (menajè, sèvant, kwizinyè, elatriye)





Gwoup Tèm Asirans Vi ak Aksidan ak Lanmò ak Demembreman (Group Term Life and Accidental Death and Dismemberment, AD&D)

The Hartford | thehartford.com | 800.563.1124

Gwoup avantaj jeneral ImageFIRST a gen ladan pwoteksyon finansye pou ou ak fanmi ou sizoka ou gen yon aksidan oswa lanmò. Yo ba ou Gwoup Tèm Asirans Vi ak kouvèti AD&D otomatikman gratis nan premye mwa apre 30 jou.

Sizoka ou ta mouri, kontra asirans-vi a ap bay yon avantaj pou benefisyè ou chwazi a. Si lanmò ou se rezilta yon aksidan oswa si yon aksidan kite ou avèk yon chòk ki kouvri epi k ap afebli ou, ou kouvri avèk asirans AD&D pou menm kantite lajan an. Imagefirst pa peye pou asirans vi depanndan, asosye yo chwazi epi peye pou asirans vi pitit ak konjwen.

Gwoup tèm asirans vi ak AD&D	100% peye pa patwon an
Anplwaye	1x baz salè anyèl jiska \$200 000

Orè rediksyon laj

- Laj 65 a 69: Avantaj diminye a 65% nan avantaj orijinal la.
- Laj 70+: Avantaj diminye a 50%.

Konbyen Asirans Vi Ou Bezwen?

Depans Aktyèl yo

Ipotèk Kay/Lwaye	Dèt Kat Kredi
Peman Machin	Lòt Dèt

Bezwen Alavni

Swen Pou Timoun	Depans Woutin
Ekolaj Inivèsite	nan Fwaye a
Retrèt Konjwen an	

Apre ou fin ajoute responsablite finansye ou, ki jan sòm total la konpare ak kouvèti asirans ou genyen kounye a?



Envalidite

The Hartford | thehartford.com | 800.563.1124

ImageFIRST ofri de (2) plan asirans pou andikap konpayi a peye founi pa The Hartford pou bay asistans finansye pou ou sizoka ou vin andikape oswa sizoka ou pa kapab travay. Plan andikap sa yo disponib pou anplwaye aplantan ki elijib yo nan premye mwa apre dat yo te anboche yo.

Asirans Andikap Akoutèm (Short-term disability, STD)

Avantaj STD yo deziyen pou ranplase yon pòsyon revni ou pou yon chòk oswa maladi ki pa gen rapò avèk travay la. Peman avantaj STD yo fèt a 66,66% salè debaz pa semèn kalifye ou, jiska \$2,000 chak semèn, pandan premye 13 semèn chòk la oswa maladi a.

Elijiblite pou andikap akoutèm — anplwaye aplantan	100% peye pa patwon an
Avantaj chak semèn	66,66%
Avantaj maksimòm chak semèn	\$2,000
Avantaj yo kòmanse	8yèm jou
Dire Avantaj	13 semèn

Se ImageFIRST ki peye avantaj STD a; li gratis pou ou. Sepandan, nenpòt avantaj ranplasman revni ou resevwa yo taksab.

Plan Asirans Andikap Alontèm (Long-term disability, LTD)

Avantaj sa a ofri pwoteksyon finansye pou ou lè ou bezwen li pi plis — si ou vin andikape oswa si ou pa kapab travay ankò. Plan an ap ede ou retounen nan travay tou, si li apwopriye.

Elijiblite pou andikap alontèm — anplwaye aplantan	100% peye pa patwon an
Montan avantaj chak mwa	60%
Avantaj maksimòm chak mwa	\$7,500
Avantaj yo kòmanse	90 jou
Dire Avantaj	SSNRA oswa 3.5 ane

Kantite lajan avantaj ou yo ka konpanse avèk lòt avantaj w ap resevwa yo, tankou Sekirite Sosyal oswa konpansasyon travayè. Ou ka gen pou peye taks federal sou revni nan avantaj ou yo pa mwa epi ou ka pou peye

Kowòdinasyon avantaj andikap

Avantaj ou a ka redwi si w resevwa avantaj pou andikap nan retrèt, Sekirite Sosyal, konpansasyon travayè, asirans pou andikap leta, avantaj san fòt oswa salè paske w retounen travay. Ale nan sètifika pwoteksyon ou a pou plis detay.

Èske mwen oblije peye asirans sante mwen pandan mwen an konje?

WI! Si ou pa peye prim ou pou avantaj yo, tout avaj yo ka sispannpou non-peman. Se responsablite w pou w enfòm nou ki jan w ap ranbouse, espesyalman pou yon konje ki pi long.

Asosye yo ta dwe planifye ranbousman yo nan peryòd konje yo. Ou ka fè peman pasyèl pandan w an konje oswa double peman w yo lè w retounen travay.

Voye prim (*chèk oswa manda postal*) peyab bay:

ImageFIRST, nan adrès sa a pandan w nan nenpòt konje:

ImageFIRST

Attn: Benefits

900 East 8th Ave, Suite 200, King of Prussia, PA 19406

**Enkli non w, enfòmasyon pou yo kontakte w, ak adrès ou.*





Pwogram Asistans Asosye (Associate Assistance Program, AAP)

The Hartford | guidanceresources.com | 800.96.HELPS oswa 800.964.3577

ID Wèb: HLF902 Non Konpayi: ABILI

Nou tout konnen ke lavi ka difisil pafwa. Pwoblèm tankou maladi, dèt ak pwoblèm fanmi ka ban nou enkyetid oswa angwas epi yo pa anpeche nou viv byen. AAP, ki patwone pa The Hartford, bay sipò ak resous konfidansyèl pou ou menm ak pou depandan ou yo gratis. Ou ka chèche konsèy ekspè pou nenpòt kalite pwoblèm, soti nan ti pwoblèm ou konfwonte chak jou rive nan pwoblèm ki pi grav ki afekte byennèt ou.

Men sa pwogram nan ofri:

- **AAP:** 3 vizit fas-a-fas ak klinisyen ki gen eksperyans (pa ensidan), san okenn frè pou chak sesyon pou ou.
- **RESOUS LEGAL:** Aksè telefòn san limit pou kontakte pwofesyonèl legal The Hartford yo, yon premye konsiltasyon gratis ak yon avoka lokal ak rabè sou sèvis adisyonèl.
- **RESOUS FINANSYE:** Aksè telefòn san limit pou kontakte yon planifikatè finansye. Aksè telefòn san limit pou kontakte pwofesyonèl finansye pou enfòmasyon konsènan finans pèsònèl ak pwoblèm ki gen rapò ka sa.
- **RESOUS TRAVAY/LAVI:** Enfòmasyon ak referans sou gadri pou timoun, swen pou granmoun aje, adopsyon, demenajman ak lòt bagay pou konvenyans pèsònèl ou.
- **EVALYASYON RISK POU SANTE YO:** Aksè sou Entènèt nan yon sondaj evalyasyon risk sante ak yon varyete zouti jesyon sante ak enfòmasyon.
- **PREPARASYON TESTAMAN SOU ENTÈNÈT:** Aksè a Estate Guidance Will Preparation, ki ofri fasilite ak senplisite preparasyon testaman sou entènèt. Ou ka ranpli yon testaman epi telechaje li sou òdinatè w lan.

Sèvis Konsèy

Asistans vennkat sou vennkat

Chak fwa ou bezwen asistans avèk yon pwoblèm travay/lavi, AAP la pou ou, 24 èdtan pa jou. Espesyalis yo disponib pou asistans ak sipò konfidansyèl 24/7.

AAP bay konsèy sou tout aspè lavi, enkli:

- Difikilte nan relasyon yo.
- Pwoblèm emosyonèl/sikolojik.
- Pwoblèm estrès ak enkyetid ak travay oswafanmi.
- Abi Alkòl ak dwògg.
- Amelyorasyon pèsònèl ak lavi.
- Pwoblèm legal oswa finans.
- Depresyon.
- Pwoblèm swen timoun ak swen granmoun aje.
- Pwoblèm chagren.

Kòmanse

Pou plis enfòmasyon ak resous:

Rele: 800.964.3577

Ale sou entènèt: guidanceresource.com

Plan retrèt 401(k)

Principal | principal.com | 1.800.547.7754 | # Gwoup: 5-37290

Plan retrèt 401(k) ImageFIRST deziyen pou ede ou prepare pou retrèt epi pou reyalize objektif finansye ou yo.

Kijan plan an travay?

Plan retrèt 401(k) a ap fè li fasil pou ou pou ekonomize lajan sou yon baz taks difere. Lè w enskri nan plan an, yo pral etabli yon kont pèsonèl ak Principal a nan non w, ki finanse pa:

- Kontribisyon w yo (avan taks ak/oswa Roth). Revni investisman sou tou de kalite kontribisyon yo.
- Kotizasyon ekivalan patwon - Apre 1 Ane.
- Dola pou dola jiska 3% ak yon ekivalans maksimòm anyèl \$3,000.

Se Ekivalan Lajan GRATIS!

Kalifikasyon

Anplwaye ImageFIRST (a tan pasyèl ak aplentan) elijib pou enskri epi patisipe nan plan retrèt 401(k) kòmanse premye nan mwa a apre 30 jou. Asosye yo dwe gen omwen 18 an pou patisipe.

Otomatik ranvwa ak ogmantasyon otomatik

Nan dat 1ye nan mwa a apre 30 jou sèvis ou kalifye pou patisipe nan plan retrèt 401k la, ou pral **ENSKRI OTOMATIKMAN**.

OU DWE SOTI anvan premye dediksyon pewòl la. Lajan depoze nan 401k la aksesib pou retrèt lè w pran retrèt oswa yo kanpe w nan travay la.

Sòf si w chwazi volontèman pou w refize oswa chanje pousantaj rapò salè w ap kòmanse nan 5% rapò epi otomatikman ogmante 1% chak ane, efektif 1ye oktòb, jiskaske rapò ou a rive nan yon maksimòm de 15%.



Plan Retrèt 401(k) Kontinye

Fòm pou chwazi benefisyè

Yon aspè enpòtan planifikasyon testaman se chwazi benefisyè yo epi kenbe yo ajou apre chanjman yo nan lavi ou. Anjeneral li rapid ak fasil pou afekte oswa modifiye chwa benefisyè ou depi ou ale sou sitwèb principal.com. W ap bezwen bay non ak nimewo Sekirite Sosyal chak benefisyè. Si ou pa ka ranpli deziyasyon an sou entènèt, ou ka jwenn yon fòm pape.

Kotizasyon Ekivalan Patwon

Ou resevwa kotizasyon ekivalan ImageFIRST ak salè ou a 100% imedyatman lè w patisipe nan plan retrèt 401(k). W ap toujou jwenn tout kontribisyon w yo ak salè w yo.

Kontribisyon anvan taks 401(k).

Kotizasyon yo anvan taks ap pèmèt ou redui revni taksab ou nan moman an. Answit, nenpòt revni ou resevwa sou kotizasyon ou yo ap gen taks difere. W ap peye taks okonplè sou nenpòt kotizasyon ak revni kòm revni òdinè lè ou retire yo.

Kontribisyon Roth 401(k)

Ou fè kontribisyon Roth 401(k) ak lajan apre taks, kidonk ou pa wè okenn avantaj taks imedyata. Nenpòt salè ki soti nan kontribisyon sa yo gratis lè ou pran yon distribisyon ki kalifye.

2024 401(k) limit plan:

- Ranvwa ochwa ou konbine yo — kit nan yon 401(k) tradisyonèl, yon Roth 401(k) oswa toude — pa ka depase \$23,000 pou ane fiskal 2024 si ou poko gen 50 an.
- Si w gen 50 an oswa plis, ou ka kontribye yon lòt \$7,500 sou fòm kontribisyon ratrapaj.
- Limit kontribisyon korespondan anplwayè a pou 2024 se \$69,000 (laj 49 oswa mwens).

Yon Prè pou Rezidans Prensipal ak Retrèt Difikilte MANDE POU DOKIMANTASYON SIPÒ nan men Asosye a pou kantite lajan yo mande oswa Principal a ak Depatman Avantaj ou yo pral rejte l.

Men kèk tèm itil

401(K): Yon plan 401(k) se yon kont pou pran retrèt kontribisyon defini, ki avantaj nan taks, anpil anplwayè yo ofri bay anplwaye yo. Li resevwa non yon seksyon nan Kòd Revni Entèn Etazini. Travayè yo ka fè kontribisyon nan kont 401(k) yo atravè retni pewòl otomatik, epi patwon yo ka nan ekivalan kèk oswa tout kontribisyon sa yo. Salè investisman nan yon plan 401(k) tradisyonèl yo pa peye taks jiskaske anplwaye a retire lajan sa a, anjeneral apre retrèt.

ANVAN TAKS: Yon kontribisyon anvan taks se nenpòt kontribisyon ki fèt nan yon plan pansyon deziyen, kont retrèt oswa lòt vwa investisman taks difere pou ki kontribisyon an fèt anvan yo dedwi taks federal ak minisipal. Pa egzanp, si ou mete \$10,000 nan yon 401(k), ou pa oblije peye taks sou \$10,000 revni sa a nan ane ke li te touche a. Kontribisyon anvan taks se fason gouvènman an ankouraje w pou konsève pou w pran retrèt ou.

Avantaj Volontè

Asirans pou avantaj volontè ka ede w pwoteje w kont depans k ap soti nan pòch ke w pa t atann. Konsidere bezwen medikal ou prevwa ansanm ak pri plan asirans ki disponib pou ou yo. Sonje, plan sa yo gen entansyon pou konplete, pa pou ranplase, yon plan medikal.

Asirans-Vi Siplemanntè ak Asirans AD&D

The Hartford | thehartford.com | 800.563.1124

Ou ka chwazi tou pou achte Asirans Vi Siplemanntè anplis avantaj konpayi a peye a. Ou peye pri total avantaj sa a atravè dediksyon pewòl pratik.

Anplwaye:	\$10,000 ogmantasyon jiska \$500,000 maksimòm. Ou ka chwazi jiska \$150,000 san ou pa bezwen prèy bon sante.
Madanm/Mari	Vèsman \$5,000 jiska yon maksimòm of \$250,000. Montan mari oswa madanm ou pa ka depase 50% kantite lajan asirans ou an. Konjwen ou ka chwazi jiska \$25,000 san li pa mande prèy bon sante.
Timoun yo	\$5,000 oswa \$10,000 (soti nan laj 14 jou jiska laj 19, oswa 26, si elèv la aplentan).

Swen Alontèm

CHUBB | 855.241.9891

Asirans vi volontè tèm ak pwoteksyon asirans swen alontèm bay pwoteksyon kont pri chè mezon retrèt yo, sant medikal pou viv avèk asistans, ak depans pwofesyonèl swen adomisil. Ou jwenn 4% nan avantaj lanmò ou pa mwa pandan w ap viv pou jiska 25 mwa pou ede peye pou LTC. Yo anile prim asirans pandan y ap peye avantaj sa a.

Asirans Legal

LegaleASE | legaleaseplan.com/imagefirst | 800.248.9000

Nouvo Plan Avantaj Legal ki soti nan LegaleASE se yon pwodwi asirans inik ak fleksib, ki pwoteje w kont pri chè frè legal yo. Plan sa a bay konvenyans pou sèvi ak avoka swa nan rezo a oswa andeyò rezo a epi li ofri yon pakèt avantaj ki kouvri nèt ak/oswa ki kouvri pasyèlman, tankou: kay ak rezidansyèl; finansye ak konsomatè; oto ak trafik; fanmi; planifikasyon byen imobilye ak testaman; ak zafè lalwa jeneral. Pou plis enfòmasyon, rele LegaleASE nan 800.248.9000 oswa vizite legaleaseplan.com/imagefirst.





Asirans pou Bèt-kay

Nationwide | petinsurance.com | 888.899.4874

Nou trè kontan pou nou ofri yon plan volontè pou asirans sante ak aksidan bèt kay atravè Nationwide. Enskripsyon nan plan an disponib nenpòt ki lè pandan tout ane a, epi plan an ofri plizyè kouvèti asirans pou chen, chat, zwazo, ak yon varyete bèt kay ekzotik nan yon pri rabè. Vizite petinsurance.com pou w enskri sou entènèt oswa rele 1.888.899.4874 pou w enskri atravè yon reprezantan sèvis kliyan.

Avantaj Vwayaj biznis

Plan avantaj vwayaj biznis Image FIRST la kouvri ou pandan w ap vwayaje nan biznis nenpòt kote nan mond lan. Ou otomatikman enskri nan plan avantaj vwayaj biznis la lè w travay, epi se konpayi a ki peye tout pri a. Si pèt lavi rive pandan w ap vwayaje pou biznis la, y ap peye yon lòt avantaj vwayaj biznis. Asire w ou deziyen benefisyè w nan moman enskripsyon an.

Nou ofri avantaj anplis ki ba ou opsyon ki depase swen sante ak pwoteksyon revni.

Ranbousman Ekolaj

ImageFIRST ankouraje chak asosye pou yo kontinye fè efò pou amelyore tèt yo. Kou edikasyon kontinyèl ki apwouve yo ka elijib pou ranbousman ekolaj jiska yon maksimòm de \$5,000 pou chak ane pou nenpòt nivo edikasyon oswa sètifikasyon. Montan ranbousman an garanti si w resevwa yon nòt C oswa pi bon. Gade manyèl règleman ak pwosedi a pou plis detay.

Tan Konje Peye, Jou Ferye ak Konje Dèy

ImageFIRST ofri konje peye pou vakans, jou pèsònèl, jou malad, jou ferye, ak dèy. Tanpri gade manyèl Règleman ak Pwosedi a pou plis detay.

Malloy Medicare Advisors

Nou te fè patenarya ak Malloy Medicare Advisors pou ede adrese enkyetid ou yo konsènan Medicare. Malloy Medicare Advisors se yon resous gratis pou nenpòt moun ki aje oswa ki kalifye pou Medicare. Yo se yon konpayi nasyonal ki pare pou reponn kesyon Medicare ou yo kèlkeswa kote w abite. Lè w kontakte Malloy Advisors, y ap ba w yon bon jan edikasyon sou Medicare. Yon ajan ki gen lisans ap gide ou atravè diferan pati nan Medicare epi reponn kesyon oswa enkyetid ou yo. Rele 1.800.933.8129 oswa voye imèl bay answers@malloymedicare.com pou aprann plis. Ou kapab tou vizite sit entènèt yo nan malloymedicare.com.

Kondisyon Debaz Asirans lan

DEPANS MAKSIMÒM AVÈK LAJAN PÒCH: Depans maksimòm avèk lajan pòch deziyen pou pwoteje ou pou sizoka ou gen yon maladi oswa chòk ki grav. Depans maksimòm avèk lajan pòch ou gen ladan franchiz ou, ko-asirans ou ak kopeman ki soti nan lajan pòch ou. Apre ou peye kantite lajan ki presize a avèk lajan pòch ou pandan yon ane kontra, plan an ap peye rès sèvis ki kouvri yo a 100%.

EKSPLIKASYON AVANTAJ YO (EOB): Yon EOB se yon deklarasyon konpayi asirans lan ki montre fason yo te travay sou reklamasyon yo. EOB ap fè ou konnen ki pòsyon nan reklamasyon an plan an te peye ba pwofesyonèl swen sante ak ki pòsyon peman, si genyen, ou responsab pou fè.

FRANCHIZ: Franchiz se kantite lajan ou dwe pou sèvis swen sante ki kouvri yo anvan plan pou kòmanse peye avantaj yo. Pa egzanp, si franchiz ou se \$2,800, plan ou p ap peye anyen jiskaske ou satisfè franchiz \$2,800 ou pou sèvis swen sante kouvri yo ki depann de franchiz la. Swen prevantif pa depann de franchiz la paske li kouvri a 100% avèk nenpòt chwa plan medikal.

KO-ASIRANS: Ko-asirans se kotizasyon nou nan peman sèvis swen sante ki kouvri, ki kalkile kòm yon pousantaj (pa egzanp, 20%) kantite lajan nou aksepte pou sèvis la. Ko-asirans ou ap kòmanse apre ou satisfè franchiz ou. Pa egzanp, si kantite lajan plan sante ou aksepte peye pou yon vizit nan klinik se \$100 epi ou te satisfè franchiz la, peman ko-asirans 20% ou se ta \$20. Plan sante a ap peye rès kantite lajan yo aksepte a.

KOPEMAN: Yon kopeman se yon kantite lajan fiks ou peye pou yon sèvis swen sante. Kantite lajan an ka chanje selon kalite sèvis la. Kopeman ou yo p ap konte nan franchiz la men y ap konte nan depans maksimòm avèk lajan pòch ou.

MANDA ENDIVIDYÈL: Refòm federal sou sante egzije pifò sitwayen Etazini pou yo gen asirans sante pou tèt yo ak pou depandan yo. ImageFIRST ap ede ou rete asire paske nou ofri swen sante pou pri rezonab pou tout anplwaye ki travay omwen 30 èdtan chak semèn.










NAN REZO PARAPÒ AK DEYÒ REZO: Yon rezo konpoze avèk tout pwofesyonèl swen sante ki gen kontra. Rezo yo mande pwofesyonèl swen sante yo pou patisipe nan rezo yo, epi kòm repons, pwofesyonèl swen sante yo dakò pou ofri sèvis avèk rabè pou pasyan yo. Si ou chwazi yon pwofesyonèl swen sante deyò rezo a reklamasyon nou yo pral pi wo paske ou p ap resevwa rabè pwofesyonèl swen ante yo ki nan rezo a ofri.

REZONAB AK ÒDINÈ: Kantite lajan yon plan sante detèmine ki se limit pri nòmal oswa akseptab pou yon sèten sèvis ki gen rapò avèk sante oswa pwosedi medikal. Si pwofesyonèl swen sante ou prezante pi gwo pri pase sa plan sante a konsidere ki nòmal oswa akseptab, ou ka gen pou peye diferans lan.

SWEN PREVANTIF: Sèvis sante woutin kapab diminye risk pou gen sèten maladi oswa pwoblèm medikal kwonik. Egzanp sèvis swen prevantif yo gen ladan men pa sèlman egzamen fizik mamogram, vaksen kont grip, tès nan pwostat ak pwogram pou sispann fimèn.



Kontak

MEDIKAL, VIZYON	Aetna	Medikal: 800.962.6842 SwenVizyon: 877.973.3238	Medikal: aetna.com SwenVizyon: Aetnavision.com	
PRESKRIPSYON*	CVS	833.268.1269	caremark.com	
AAP/EAP Pwogram Asistans Asosye	The Hartford	1.800.96.HELPS (800.964.3577)	ID Wèb: HLF902 Non konpayi: ABILI. guidanceresources.com	
SWEN DANTÈ	United Concordia Dental	800.332.0366	unitedconcordia.com	
HEALTHCHAMPION	The Hartford	800.964.3577	thehartford.com/employee-benefits/value-added-services	
AKSIDAN, MALADI KRITIK, ENDEMNITE LOPITAL	Aetna	800.607.3366	myaetnasupplemental.com	
ASIRANS LEGAL	LegalEASE	800.248.9000	legaleaseplan.com/imagefirst	
STD Asirans Andikap Akoutèm LTD Asirans Andikap Alontèm	The Hartford	888.301.5615	abilityadvantage.thehartford.com	
ASIRANS POU BÈT-KAY	Nationwide	888.899.4874	petinsurance.com	
FSA Kont Depans Fleksib	PayFlex	888.678.8242	payflex.com	
PLAN 401(K) KONT EPAY POU RETRÈT	Principal	800.547.7754	principal.com	
REKLAMASYON VI & AD&D ASIRANS VI SIPLEMANTÈ	The Hartford	800.563.1124	abilityadvantage.thehartford.com	
LTC - Term Life w/Long Term Care Rider	Chubb	855.241.9891		

*Tanpri sonje, nimewo telefòn ak lyen sèvis kliyan Caremark la p ap aktif jiska 10/1/24.

